



Pou Piblikasyon Imedya: 25/01/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE APWOBASYON PWOJÈ ENÈJI VAN OLAJ ZÒN KOT YO KI PI LAJ NAN PEYI A

***Pak Ewolyen Olaj Zòn Kot 90 Megawat ki Sitiye a 48 kilomèt Olaj Kot Long Island lan Pral Kreye Djòb epi Alimante 50,000 Kay nan Long Island avèk Enèji Pwòp, Rezistan ak Bon Mache***

***Pwojè a Fè Pati Estanda Enèji Pwòp (Clean Energy Standard) Gouvènè Cuomo a pou l Sekirize 50 Pousan Alimantasyon Kouran Eta a pou soti nan Sous Renouvlab yo Avan 2030***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Konsèy Administrasyon Otorite Kouran Elektrik Long Island lan (Long Island Power Authority, LIPA) te vote pou apwouve pak ewolyen olaj zòn kot yo ki pi laj nan peyi a, epi se premye pak ewolyen olaj zòn kot New York yo. Apwobasyon pak ewolyen South Fork Wind Farm lan, se yon devlopman 90 megawat ki sitiye a 48 kilomèt nan sidès Montauk, se premye etap pou devlope yon zòn ki ka akeyi jiska 1,000 megawat enèji ewolyen olaj zòn kot yo. Pak ewolyen an, byenke moun pap ka wè pandan yo sou plaj Long Island la yo, pral founi ase kouran pou alimante 50,000 kay nan Long Island avèk enèji pwòp, renouvlab, epi li pral ede satisfè demann kouran nan zòn South Fork Long Island lan.

Vòt la vini de semèn aprè Gouvènè Cuomo te fè apèl a LIPA pou apwouve pwojè pak ewolyen an epi li te anonse yon angajman san presedan pou devlope jiska 2.4 jigawat enèji van olaj zòn kot yo avan 2030 nan Diskou Eta Leta rejyonal li a nan Long Island lan. Sib 2.4 jigawat la, ki jenere ase enèji pou alimante 1.25 milyon kay, se angajman enèji van olaj zòn kot yo ki pi laj nan istwa Etazini, k ap ede pote resous enpòtan anpil sa a bay Nouyòkè yo nan yon echèl san parèy Ozetazini.

**Gouvènè Cuomo te di,** “New York antèt peyi a nan mete sou pye inovasyon enèji, epi mezi kouraje sa a make yon pwochen etap nan angajman san presedan nou pran anve enèji van olaj zòn kot yo, ansanm ak objektif alontèm temerè nou genyen pou founi mwaye nan tout kouran nou itilize a pou soti nan sous renouvlab yo avan 2030. Pwojè sa a pral non sèlman founi yon nouvo sous enèji pwòp ki fyab, men tou li pral kreye djòb ki peye gwo salè yo, li pral kontinye efò nou ap fè pou konbat chanjman klimatik yo epi ede prezève anviwonman nou an pou jenerasyon Nouyòkè aktyèl ak sa k ap vini yo.”

Konsèy LIPA te apwouve yon kontra Deepwater Wind te soumèt onon pak ewolyen South Fork Wind Farm lan aprè yon pwosesis ki dire yon ane kote yo t ap angaje sektè prive a pou meyè ide pou jenere enèji pwòp ki disponib yo ak detay sou konbyen modèl yo ap koute. Lòt eleman pòtfolyo enèji South Fork LIPA a gen ladan yo amenajman nan transmisyon yo ak solisyon enèji pwòp adisyonèl tankou estokaj batri ak rediksyon demann kouran konsomatè yo bezwen.

Konsèy LIPA te apwouve yon Akò Dacha Enèji pou 20 an avèk peman pou pèfòmans, k ap pèmèt itilite a peye pou sèlman livrezon enèji a san pran risk konstriksyon ak fonksyonman. Lè n fè vanse teknoloji ak inovasyon yo te sa redwi pri pwojè enèji van yo otanplis pou yo vin konpetitif an fas lòt sous enèji renouvlab yo.

Anplis de apwobasyon South Fork Wind lan jodi a, Rechèch sou Enèji Eta New York la ak Otorite Devlopman an (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) ap kontinye devlope yon Plan Direktè pou Enèji Van Olaj Zòn Kot (Offshore Wind Master Plan) yo k ap ekspoze gran liy angajman Eta pran pou l devlope resous enèji van olaj zòn kot yo nan dlo federal olaj kot New York yo. Plan Direktè a, yo gen pou pibliye l nan fen ane 2017 la, pral montre kijan yo ka devlope sit adisyonèl zòn kot New York yo nan yon fason responsab epi li pral fikse kapasite sible yo ak dat fonksyonman komèsyal pou chak sit yo. Eta a pral kontinye travay depre ak manm kominote zòn kot yo, endistri lapèch ak maritim lan yo, defansè anviwonmantal yo ak lòt pati konsène yo pou idantifye sit enèji van adisyonèl olaj zòn kot yo pou enkli yo nan Plan Direktè Enèji Van Olaj Zòn Kot New York yo.

**Tom Falcone, Direktè Jeneral LIPA te di,** “Nou konfyan sa a se premye etap nan devlopman potansyèl eksepsyonèl enèji van olaj zòn kot Long Island yo epi l ap satisfè Estanda Enèji Pwòp Gouvènè Cuomo a. Pwojè sa a se yon bon dimansyon, nan yon bon lokalite epi li demontre kijan desizyon entèlijans sou enèji yo ka redwi pri pandan y ap founi enèji renouvlab ak lè pwòp pou tout moun Long Island yo.”

**John Rhodes, ki se Prezidan ak PDG NYSERDA te di:** “New York ap mennen peyi nan devlopman enèji van olaj zòn kot yo pou founi enèji pwòp, renouvlab epi mwen aplodi apwobasyon LIPA bay pak ewolyen South Fork Wind Farm lan. Enèji van olaj zòt kot yo gen gran potansyèl pou ede nou atenn objektif enèji pwòp anbisyè nou genyen anban Estanda Enèji Pwòp ak Refòm Vizyon Enèji a (Reforming the Energy Vision), ansanm ak objektif 2.4 jigawat Gouvènè a, epi pwojè sa a pral redwi anprent kabòn nou epi pwoteje anviwonman pou anpil jenerasyon k ap vini ankò.”

**Senatè Eta New York la, Kenneth LaValle, te di,** “Van ak lòt sous enèji altènatif yo se eleman ki gen enpòtans esansyèl nan estrateji enèji global nou an. Pwojè sa a pral ranfòse fyabilite enèji nan East End lan nan yon manyè ki konpatib ak anviwonman, ede estabilize to yo, epi kreye djòb nan konstriksyon yo byen bezwen nan rejyon an.”

**Senatè Eta New York la, Phil Boyle, te di,** “Mwen aplodi konsiderasyon Long Island Power Authority te bay pak ewolyen 90 megawat, ki gen 15 ayewojeneratè yo te pwopoze nan lès Montauk la epi mwen ankouraje Konsèy Administrasyon an pou yo apwouve pwopozisyon Deepwater Wind lan. Avèk gran chanjman sa yo nan mache enèji NY la nan ane ki sot pase yo, ki gen ladan sispann pwodiksyon enèji apati chabon ak nikliyè yo, epi ogmante depandans sou gaz natirèl yo, li pi esansyèl pase jamè pou

nou ogmante sous enèji renouvlab lokal yo sou yon gran echèl. Pwopozisyon Deepwater Wind lan pral kreye djòb, epi li pral asire pwoteksyon zòn kot NY yo, endistri touris la, ak kalite lavi pou tout moun Long Island yo.”

**Senatè Eta New York la, Todd Kaminsky, te di,** “Yon pwogram enèji van global olaj zòn kot yo nesesè pou devlope ekonomi enèji pwòp la ak konbat chanjman klimatik yo. Avèk pak ewolyen olaj zòn kot sa a, New York pral pran plas lejitim li kòm lidè nasyonal nan avansman enèji renouvlab yo. Mwen pral kontinye defann envestisman nan enèji renouvlab la yo pou bese emisyon kabòn epi devlope ekonomi enèji pwòp nou an.”

**Manm Asanble Eta New York la, Steve Englebright, te di,** “Lè nou pran angajman pou fè vanse pwojè enèji van olaj zòn kot sa a, LIPA pral non sèlman ede New York plis vanse objektif rediksyon kabòn ak objektif enèji renouvlab atravè eta yo men tou, li pral ede etabli enfrastrikti ak kalite fòs mendèv ki nesesè pou bay Long Island ak Eta New York la yon avantaj konpetitif alontèm nan yon endistri enèji van olaj zòn kot yo ki fenk ap parèt.”

**Manm Asanble Eta New York la, Fred W. Thiele, Jr., te di,** “Long Island, an patikilye East End lan, fè fas a defi enèji ak defi ekonomik ki inik. Kòm youn nan kèk zòn Long Island lan kote demann enèji yo kontinye ogmante, nou fè fas a yon bezwen pou nouvo sous enèji ki gen yon kwasans konstant. Rezo elektrik nou genyen kounye a ap fonksyone nan kapasite limit li epi, kont teni dansite popilasyon nou an ak angajman nou pran anvè konsèvasyon an, li difisil pou konstwi nenpòt nouvo enfrastrikti enèji isit la. Mwen kontan avèk anons jodi a, LIPA agrandi angajman l te pran pou mentni yon pòtfolyo enèji renouvlab. Non sèlman etap sa a pral ede South Fork satisfè demann enèji kwasan sa a, men tou li pral fè sa a nan yon manyè responsab k ap pwoteje anviwonman, k ap kreye djòb pou Eta nou an.”

**Egzekitif Konte Suffolk la, Steve Bellone, te di,** “Lè nou mete pak ewolyen olaj zòn kot yo nan yon distans 48 kilomèt olaj zòn kot yo, li pral sou orizon an epi li pap gen enpak sou plaj nou yo. Lè nou enstale etablisman pou estokaj enèji nan Montauk ak Wainscott yo, sa pral livre enèji fyab san bwi ak san emisyon konpayi santral elektrik konvansyonèl yo konn fè yo. Epi, lè nou founi ase enèji pwòp pou 50,000 kay nan Long Island, li pral ede diminye chanjman klimatik yo epi etabli Eta New York la kòm yon lidè nan enèji pwòp.”

**Kit Kennedy, ki fè pati NRDC (Natural Resources Defense Council) te di,** “Se sa avni enèji pwòp nou an sanble. Lè nou bay otorizasyon pou pak ewolyen ki pi laj nan peyi a – epi ki se premye pak ewolyen nan New York olaj zòn kot yo – sa a pral yon gwo etap vè lavan pou nou resi deklanche potansyèl sous plen enèji pwòp ki an grand pati ineksplòre sa a. Apwobasyon pwojè sa a nesesè anpil pou mete objektif temerè Gouvènè Cuomo gen pou chanjman klimatik yo pou eta an aksyon.”

**Lisa Dix, ki se Reprezantan Prensipal New York nan Sierra Club la, te di,** “Nou aplodi Long Island Power Authority ak Gouvènè Cuomo pou lidèchip vizyonè yo jodi a. Konstriksyon premye pwojè enèji van nan New York la, ki pi laj nan peyi a, se yon etap istorik - lè nou founi kouran nan yon pri rantab ki fyab ak san polison pou Long Aylandè yo, l ap kreye djòb ak nouvo opòtinite devlopman pou Nouyòkè yo, epi l ap pozisyone Empire State la kòm yon lidè nasyonal nan klima ak enèji pwòp.”

**Anne Reynolds, Direktè Jeneral ACE NY la (Alliance for Clean Energy New York) te di,** “Se ak anpil kontantman nou wè lidèchip LIPA nan investisman nan enèji van olaj zòn kot yo, ki enpòtan anpil pou atenn vizyon Gouvènè a pou itilizasyon senkant pousan enèji renouvlab la. LIPA rekonèt enèji van olaj zòn kot yo ka ede satisfè bezwen kouran Long Island lan nan yon pri ki bon mache avèk enèji pwòp yo pwodwi onivo lokal.”

**Adrienne Esposito, ki se Direktè Jeneral, Kanpay Sitwayen pou Anviwonman an (Citizens Campaign for the Environment) te di,** “Tranzisyon nou soti nan kabiran fosil pase nan enèji renouvlab yo fenk sot franchi yon gran etap vè lavan gras a desizyon istorik sa a. Sa a pral chanje règ jwèt la yo, se yon eritaj tout Nouyòkè dwe fyè de li. Lè nou atake chanjman klimatik yo de fwon New York ap pwouve li se yon lidè global.”

**Gordian Raacke, ki se Direktè Enèji Renouvlab Long Island lan (Renewable Energy Long Island) te di,** “Sa a se yon gran etap pou LIPA, yon etap temerè pou enèji renouvlab nan Long Island, epi se kòmansman yon endistri enèji van olaj zòn kot nan Eta New York yo ak nan peyi a. Nou fè elòj Gouvènè Cuomo ak LIPA paske yo montre lidèchip vizyonè nan tranzisyon anvè enèji renouvlab yo epi nou remèsye tout moun ki t ap defann enèji van olaj zòn kot yo pandan de deseni ki sot pase yo.”

**Elizabeth Gordon, ki se Direktè Alyans Enèji Van Olaj Zòn Kot New York yo (New York Offshore Wind Alliance), te di,** “Pwojè 90 megawat South Fork LIPA a fè New York vanse antèt devlopman enèji van olaj zòn kot yo nan Etazini. Gran pwogrè nan sa ki pral pwojè enèji van olaj zòn kot ki pi laj nan peyi a, konbine ak angajman 2,400 megawat Gouvènè Cuomo te pran, rann li klè New York ap rantre nan yon nouvell peryòd enèji – youn kote enèji van olaj zòn kot yo prè pou yo jwe yon wòl enpòtan nan satisfè bezwen kouran eta genyen yo.”

**Karl R. Rábago, Sant Klima ak Enèji Pace la (Pace Energy and Climate Center), te di,** “Li gratifyan pou m wè anpil ane defans pou devlopman enèji pwòp pote fwi nan yon manye ki espektakilè konsa a. Epi se yon sous enspirasyon pou nou gen moun lidèchip nan New York yo ki te fè sa fèt.”

**Heather Leibowitz, Direktè, Anviwonman New York la (Environment New York), te di,** “Bezwen enèji van olaj zòn kot yo bezwen rete yon eleman enpòtan anpil nan zafè enèji a. Li nesèsè pou mete Empire State la sou wout anvè yon ekonomi ki alimante alèd enèji renouvlab antyèman. 90 megawat ki pwodwi olaj zòn lès Montauk la pral mennen nou yon pa pi pwòch objektif sa a.”

**Kevin Law, Prezidan ak PDG Asosyasyon Long Island lan (Long Island Association), te di,** “Pak ewolyen olaj zòn kot la Deepwater Wind te pwopoze a se yon etap enpòtan vè lavan nan konstriksyon ekonomi enèji pwòp Long Island lan, k ap kreye nouvo djòb nan endistri sa a epi k ap divèsifye sous kabiran nou yo, se sa ki fè LIA te sipòte pwojè sa a.”

**John R. Durso, ki se Prezidan, Federasyon Mendèv Long Island lan (Long Island Federation of Labor), AFL-CIO (American Federation of Labor-Congress of Industrial Organizations) te di,** “Desizyon LIPA pran pou l antre nan kontra ak

Deepwater Wind lan se yon bòn nouvèl pou mouvman mendèv Long Island lan. Sa se premye etap nan reyalizasyon potansyèl pou yon nouvo endistri Ameriken kote Long Island chita nan episant li. Nou remèsye Eta New York la pou angajman l pran anvè avni enèji nou, ki se yon opòtinite ki gen ladan djòb sendika tou. Nou kontan anpil pou mete mendèv konpetan nou yo nan travay.”

### **Konsènan Refòm Vizyon Enèji a**

Refòm Vizyon Enèji a se strateji Gouvènè Andrew M. Cuomo pou li domine sou chanjman klimatik yo epi devlope ekonomi New York. REV ap konstwi yon sistèm enèji ki pi pwòp, pi fleksib epi pi abòdab pou tout Nouyòkè yo nan favorize envestisman nan teknoloji enèji pwòp yo tankou solè, van ak enèji efikas, epi jenere 50% nan kantite elektrisite leta bezwen apati enèji renouvlab apati lane 2030. Deja, REV te pèmèt 730% kwasans pou tout mache enèji solè nan tout eta a, ki te pèmèt 105,000 fanmi ki pa touche anpil lajan yo pou yo bese definitivman pri fakti elektrisite yo gras a enèji efikas, epi kreye dè milye pòs travay nan manifakti, enjenyè, ak lòt sektè teknoloji pwòp yo. REV ap asire Leta New York ap redwi degajman gaz a efè sèr yo nan tout eta a jiska 40% apati lane 2030 epi atenn objektif ki rekoni sou echèl entènasyonal pou fè rediksyon degajman gaz a efè sèr yo jiska 80% apati lane 2050. Si ou vle jwenn plis enfòmasyon sou REV, ansanm ak envestisman \$5 milya Gouvènè an nan teknoloji enèji pwòp ak nan inovasyon, tanpri vizite sitwèb [www.ny.gov/REV4NY](http://www.ny.gov/REV4NY) epi swiv nou nan [@Rev4NY](https://twitter.com/Rev4NY).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418